# Universal Declaration of Human Rights

# ЦӀыху Хуэфащэхэм Теухуа Дунейпсо Джэпсалъэ

# 1948

Federation of Caucasian Associations

Kaffed

# ЦӀыху Хуэфащэхэм Теухуа Дунейпсо Джэпсалъэ

*Дунейпсо къэрал зэгухьэныгъэм и зэхуэсу 1948 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м щыІам къыщащтащ 217 A (III) зи бжыгъэ унафэмкІэ.*

Дунейпсо Къэрал Зэгухьэныгъэм (ДКъЗ) и Зэхуэсым егъэІур;

Дунейпсо цІыхугъэм къыхиубыдэ дэтхэнэ зы цІыхури зэгухьэныгъэри;

мы джэпсалъэр сытым щыгъуи я нэгум щІагъэтурэ мыбы къыщыхэщ цІыху хуэфащэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ я нэІэ зэрытрагъэтым, хуащІ лъытэныгъэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ гъуэгукІэ зрагъэужьыну;

хэгъэгу кІуэцІхэми дунейпсоми кІуэхукІэ нэхъри зыщызужь амалхэр зыхуагъэщхьэпэурэ мы зэгухьэныгъэшхуэм хэт къэралхэм езым я лъэпкъхэри, я унафэм щІагъэт нэгъуэщІ къэралхэм я лъэпкъхэри къызэщІиубыдэу, дунейпсом и дэнэ щІыпІи мы цІыху хуэфащэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ лъэщу щызрагъэкІуэным, къыщащтэным, щагъэзэщІэным хущІэкъунхэу,

цІыху хуэфащэхэм теухуауэ жылагъуэхэми лъэпкъхэми я зэхуэдэ идеал щапхъэхэр къэзыгъэув мы дунейпсо джэпсалъэр.

**1-нэ пычыгъуэ**

ЦІыху псори щхьэхуиту, я щІыхьымрэ я хуэфащэхэмрэкІэ зэхуэдэу къалъхур. Акъылрэ зэхэщІыкІ гъуазэрэ яІэщи, зыр зым зэкъуэш зэхащІэ яку дэлъу зэхущытын хуейхэщ.

**2-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цІыхури зэхуэдэу хуитщ мы джэпсалъэм хэт цІыху хуэфащэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ зыхуигъэщхьэпэну, зыщыщ расэм, и фэм, цІыхубз-цІыхухъуу зэрыщытым, и бзэм, иІыгъ диным, политичнэ е нэгъуэщІ еплъыкІэу иІэм, лъэпкъыу е цІыху гупу къызыхэкІам, мылъкуу иІэм, къыщалъхуа-къыздалъхуам емылъытауэ зэхэгъэжыншэу, хуэгъэкІуэтэныгъэншэу. Къинэмыщlауэ, къэрал щхьэхуити, нэгъуэщІым и унафэ щІэти, щхьэхуитыжныгъэ (автономие) зимыІи, нэгъуэщІу зы щхьэхуитыныгъэ лъахэъэ зытелъи, сыт хуэдэрей къэралым и цІыхуу щытми дэтхэнэ зы цІыхум зэхэгъэжныгъэ хуащІ хъунукъым зыщыщ къэралым и политичнэ е юридическэ системэ е дунейпсо къэралхэм я зэхуакум щиІэ статусым къыхэкІыу.

**3-нэ пычыгъуэ**

Псэуныр, щхьэхуитыныр, шынагъуэншагъэр хэти и хуэфащэщ.

**4-нэ пычыгъуэ**

Хэти пщылІыу плъытэ е пщІылІыпІэ ибгъэт хъунукъым, сыт хуэдэ щІыкІэуи пщылІыгъэр, пщылІ щэн-къэщэхуныр зыми хуэбдэ мыхъуну къуэдыщ.

**5-нэ пычыгъуэ**

Хэти лъэщыгъэ епхьэлІэ хъунукъым, залымыгъэкІэ, цІыхугъэм къемызэгъу е и напэр зыгъэулъиин хуэдэкІэ удэзекІуэ, апхуэдэ тезыр теплъхьэ хъунукъым.

**6-нэ пычыгъуэ**

Хэти хуэфащэщ дэнэ щІыпІи цІыхуу, юридическэ лицоуэ къыщалъытэну.

**7-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цIыхури къэрал хабзэм и пащхьэ щызэхуэдэщ икIи къэрал хабзэм къигъэув къэхъумэныгъэхэр зэхэгъэжыншэу, я зэхуэдэу зыхуагъэщхьэпэну хуитщ. Хэти зэхэгъэжыншэу, зэхуэдэу хуэфащэщ мы джэпсалъэм къемызэгъ, зэхэгъэж зыхэлъ Iуэхущ1афэхэми, апхуэдэ Iуэхущ1афэм сыт хуэдэуи тегъэгушхуэнми къыщахъумэну.

**8-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ хабзэ нэхъыщхьэм е къэрал хабзэм къырипэс цIыху хуэфащэхэр зыкъутэ Iуэхущ1афэ къыщыхъукIэ хуитыныгъэ зиIэ хеящIэхэм зыхуигъэзэну, зыкъригъэхъумэну.

**9-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цIыхури лажьэ имыIэу яубыд, ягъэтIыс е егъэзыгъэкIэ нэгъуэщI щIыпIэ яху хъунукъым.

**10-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цIыхуми хуитыныгъэ иIэщ и хуэфащэхэр, и хуитыныгъэхэр щаубзыхукIэ икIи езым зы лажьэ къыщытралъхьэкIэ зыми фIэмылIыкI, зыми и унафэм щIэмыт, зыми имытелъхьэ хеящIэ щхьэхуит псэхуитыр захуагъэкIэ икIи нахуэуэ и Iуэхум иригъэплъыну хуеину.

**11-нэ пычыгъуэ**

**1.** Зы лажьэ/щIапхъэджагъэ зытралъхьэ дэтхэнэ зы цIыхури зиухиижын папщIэ зыхуэныкъуэну шынагъуэншагъэхэр зыщигъуэтыну хеищIэгъу нахуэм и кIэухыу, къэрал хабзэм тету ягъэкъуаншэхункIэ хейуэ къалъытэр, мыхеифэ къраплъыркъым.

**2.** Хэти ягъэкъуаншэ хъунукъым, щищIэм щыгъуэ къэрал хабзэкIэ е Дунейпсо хабзэкIэ щIэпхъэджагъэу ямыбжа зы Iуэху зэрищIам е ищIапхъэу къащыхъу гуэр зэримыщIам щхьэкIэ. Хэти щIапхъэджагъэ щищIам щыгъуэ хуэгъэуву щыта тезырым нэхъыбэ тралъхьэ хъунукъым.

**12-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цIыхум и гъащIэ унейм, и унагъуэм, и унэм е зэрызэрыщIэ щIыкIэхэм щхьэусыгъуэншэу зыри къыхэзэрыхь хъунукъым, и напэм, и цIэм къеIусэ хъунукъым. Хэти хуитыныгъэ иIэщ мыпхуэдэ къыхэзэрыхьныгъэхэм къэрал хабзэкIэ зыкъщыригъэхъумэну.

**13-нэ пычыгъуэ**

**1.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ  дэтхэнэ зы къэрали и щIыналъэм щхьэхуиту щызекIуэну, щыпсэуну.

**2.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ езы и къэралри хэту дэтхэнэ зы къэралым иIэпхъукIыну икIи щIэрыщIэу нигъэзэжыну.

**14-нэ пычыгъуэ**

**1.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ залымыгъэ/лей къыщрахым и щхьэр нэгъуэщI къэрал иригъэзыну, щхьэегъэзныгъэ амалхэр зыхуигъэщхьэпэну.

**2.** Ауэ пэжыпэу политичнэу щымыт щIэпхъэджагъэхэм е Дунейпсо къэрал зэгухьам и мурад, и бзыпхъэ къемызэгъ Iуэхущ1афэхэм къыхэкI дауэдапщэхэм щыгъуэ мы хуитыныгъэр зыхуэбгъэщхьэпэ хъунукъым.

**15-нэ пычыгъуэ**

**1.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ зы къэралым и цIыхуу щытыну.

**2.** Дэтхэнэ зы цIыхур зицIыхуу щыт къэралым щхьэусыгъуэншэу хэбгъэкI е нэгъуэщI къэралым и цIыху хъуну иIэ хуитыныгъэм хэбгъэн хъунукъым.

**16-нэ пычыгъуэ**

**1.** Зи ныбжь ирикъуа дэтхэнэ зы цIыхухъуми цIыхубзми хуитыныгъэ иIэщ къызызыхэкIа лъэпкъым, зи цIыхуу щыт къэралым е дину иIыгъым къыхэкI пэрыуэгъу къыхуэмыуву, хуиту къиишэну, дэкIуэну, унагъуэ иухуэну.

**2.** Зэрышэн-зэдэкIуэным теухуа зэзэгъыныгъэр (нэчыхьыр), зэрышэну-зэдэкIуэнухэм езым я щхьэхуитыныгъэ пэжрэ я фIэфIныгъэ икъурэкIэ яухуэр.

**3.** Унагъуэр, жылагъуэ-лъэпкъ псэукIэм и лъабжьэ нэхъыщхьэщи, жылэми къэралми къехъумэр.

**17-нэ пычыгъуэ**

**1.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ езым и унейуэ е нэгъуэщIхэр иIэхьэгъууэ мылъку зригъэIэну.

**2.** Дэтхэнэ зы цIыхур щхьэусыгъуэншэу и мылъку пэIэщIэ е лъымыIэсыф пщIы хъунукъым.

**18-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цIыхум гупсысэ, зэхащIэ икIи дин хуитыныгъэ иIэщ.

Мы хуитыныгъэм къызэщIеубыдэр и закъуэу е гупу, нахуэу е унейуэ (щэхуу) и тхьэхуэIуэрыщIэнхэр, и динкIэ щIапхъэхэр нэрылъагъуу яригъэщIэн, игъэзэщIэн хуитыныгъэри.

**19-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ зэрыхуейуэ гупсысэну, и гупсысэхэр къиIуэтэну. Мы хуитыныгъэм хэтщ цIыхур и гупсысэхэм къыхэкIкIэ зыми къимыгъэгумэщIыну, къэралыгъуэ гъунапкъэхэм емылъытауэ щIэныгъэхэр, гупсысэхэр сыт хуэдэрей гъуэгукIи къэхутэн-къэпщытэн, зыIэрыгъэхьэн хуитыныгъэри.

**20-нэ пычыгъуэ**

**1.** Хэти хуитыныгъэ иIэщ Iэщэншэу, зауэ-банэншэу зэхуэсыну, хасэ иухуэну, ухуа хасэм хыхьэну.

**2.** Хэти зы хасэ хыхьэну ебгъэз хъунукъым.

**21-нэ пычыгъуэ**

**1.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ занщIэу езым е хуиту къыхиха и лIыкIуэхэм я IэкIэ къэралым и зегъэкIуэн Iуэхухэм хыхьэну, хэIэбэну.

**2.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ и къэралым цIыхубэм къыхузэригъэпэщ амалхэр зэхэгъэжыншэу, псом хуэдэу зыхуигъэщхьэпэну.

**3.** Хьыкумэт IэщхьэтетныгъэмI и лъабжьэр къэралым и цIыхубэм и фIэигъуэныгъэрщ. А фIэигъуэныгъэр утыку къохьэр щэху щIыкIэм тет хэхыныгъэ хуит захуэхэу е цIыхухэм я фIэигъуэныгъэхэр щхьэхуит-псэхуиту къызэрагъэлъэгъуэфыну гъэпса нэгъуэщI щIыкIэхэу, зи ныбжь ирикъуа цIыху псоми яхузэIухауэ, я IэIэтхэми зэхуэдэ гуащIэ яIэуэ, пIалъэ гъэнэхуакIэ къытрагъэзэжхэмкIэ.

**22-нэ пычыгъуэ**

ЦIыхубэ жылагъуэм зэрыщыщым елъытауэ дэтхэнэ зы цIыхум хуэфащэщ социалнэ къэхъумэныгъэ. Къэрал гуащIэкIэ е къэралыгъуэхэм я зэдэIэпыкъуныгъэкIэ икIи дэтхэнэ зы къэралым езым и гъэпсыкIэмрэ и амалхэмрэ елъытауэ дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ и напэрэ и цIыхугъэрэкIэ тыншу зэрызиужьыну экономикэ, социалнэ икIи щIэнхабзэ IуэхукIэ зыхуэныкъуэну амалхэр ирагъэгъуэтыну.

**23-нэ пычыгъуэ**

**1.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ лэжьэну, и Iуэхур хуиту къыхихыну, захуагъэкIэ икIи хуэфI амалхэмкIэ лэжьэну икIи Iуэхуншагъэм къыщахъумэну.

**2.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ зэхэгъэжыншэу зэхуэдэ Iуэху папщIэ зэхуэдэ лэжьапщIэ кърату.

**3.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ езыри и унагъуэри цIыхум хуэфэщэн псэукIэ иIэу зыгъэпсэун, щыхуейм деж зылъыIэсыфыну социалнэ хъумэныгъэхэмкIэ щIэгъэбыдауэ зы псэукIэ амал къезытын зы лэжьапщIэ хуэфI къыIэрыхьэну.

**4.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ езым и фIагъэ папщIэ хасэ (профсоюз, сендикэ) зэхишэну, апхуэдэ зэхэшам хыхьэну, хэтыну.

**24-нэ пычыгъуэ**

Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ зигъэпсэхуну, и нэгу зригъэужьыну, псом хуэмыдэу и лъэжьэгъуэ пIалъэр цIыху хуэфащэ щапхъэм иту къыхуагъэпсыну, пIалъэ гъэнэхуакIэ и лъэжьапщIэри къратурэ гъэпсэхуакIуэ дэкIыну.

**25-нэ пычыгъуэ**

**1.** Дэтхэнэ зы цIыхум хуитыныгъэ иIэщ езыри и унагъуэри  узыншэн, тхъэгъуэ хуэфащэ иIэу псэун папщIэ шхыныгъуэ, фащэ, унэ икIи медицинскэ дэIэпыкъуныгъэ игъуэтыну. Хэти хуитыныгъэ иIэщ, Iуэхуншагъэ, сымаджагъэ, хукъуагъэ, лIыгъуабагъэ, фызабагъэ, жьыгъэ икIи езым имыIэщIагъэ IуэхугъуэхэмкъыхэкI амалыншагъэ, тхьэмыщкIагъэ къылъысу щытмэ къыщахъумэну, кърагъэлыну.

**2.** Анэхэмрэ сабийхэмрэ хуитыныгъэ яIэщ хэхауэ къыкIэлъыплъынхэу, къыдэIэпыкъунхэу. Зэрыша зэлI-зэфыз и бынуи зэмыщхьэгъусэхэм къалъхуауи щыррет, сабий псоми я зэхуэдэу, зэхэгъэжыншэу хуагъэщхьэпэр  а зы социалнэ къэхъумэныгъэ амалхэр.

**26-нэ пычыгъуэ**

**1.** Дэтхэнэ зы цIыхур хуитщ гъэсэныгъэ зэригъэгъуэтыну. Гъэсэныгъэр, нэхъ мащIэ дыдэу къапщтэмэ  икIи лъабжьэ гъэсэныгъэр ахъшэншэщ. ПэщIэдзэ гъэсэныгъэр зумыгъэIэнкIэ амал зимыIэуэ егъэзыгъуэщ. Техникэ икIи IэщIагъэ гъэсэныгъэр хэти хузэIухагъэнущ. Ипщэ гъэсэныгъэр зэхэгъэжыншэу хэти хузэIухауэ щытын хуейщ езым и сэнауш (талант) елъытауэ.

**2.** Гъэсэныгъэр цIыхум и цIыхугъэм икъуу зригъэужьыным хуэфIыу гъэпсауэ икIи цIыху хуэфащэхэмрэ хуитыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ хуащI щIыхьыр, лъытэныгъэр игъэлъэщыным, щIигъэбыдэным хуэунэтIауэ щытын хуейщ. Гъэсэныгъэм цIыхухэр хущIигъэкъун хуейщ расэ псоми, лъэпкъ псоми, дин гуп псоми я зэхуакум гулъытэ, зэгурыIуэ, зэхуэфIныгъэ, зэныбжьэгъугъэ дэлъыну икIи мамырныгъэр къихъумэн папщIэ Дунейпсо Къэрал Зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI лъэжьыгъэм зригъэужьу щытын хуейщ.

**3.** Сабийхэм ирагъэгъуэтыну гъэсэныгъэр зыхуэдэнур къыхэзыхыну хуитыр, псом япэрауэ и анэ-адэрщ.

**27-нэ пычыгъуэ**

**1.** Хэти хуитыныгъэ иIэщ цIыхубэм и щIэнхабзэ гъащIэм хуиту ныхыхьэну, гъуазджэр зыхуигъэщхьэпэну, щIэныгъэ зыужьыныгъэм хэтыну икIи ар зыхуигъэщхьэпэну.

**2.** Хэти хуитыныгъэ иIэщ езым къигъэщIа щIэныгъэ, жьабзэ (литературэ), гъуазджэ IэщIагъэхэм мылъкуу, пщIэуэ, щIыхьуэ къыпэкIуэу хъуар къыхуахъумэну.

**28-нэ пычыгъуэ**

Хэти хуэфащэщ мы джэпсалъэм къыщыхэщ цIыху хуэфащэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ щагъэзэщIэфыну зы социалнэ икIи дунейпсо гъэпсыкIэ системэ щыIэну.

**29-нэ пычыгъуэ**

**1.** Хэти езым и цIыхугъэм хуиту икIи икъуу зригъэужьыну амал къезыт цIыхубэ жылагъуэми къэралми хуищIэжыпхъэ пщэрылъхэр иIэщ.

**2.** Хэти и хуэфащэхэр зыщыхуигъэщхьэпэкIэ икIи и хуитыныгъэхэр щызэрихьэкIэ, нэгъуэщIхэм я хуэфащэхэмрэ я хуитыныгъэхэмрэ хуэгъэпэжын, абыхэм  щIыхь, лъытэныгъэ къыхуегъэщIын икIи демократичэскэ жылагъуэм зэдащтэ щэнхабзэр (этикэр), жылагъуэ гъэпсыкIэр, щыIэкIэр егъэфIэкIуэным и амалхэр къэхъума хъун папщIэ хэхауэ къэрал хабзэкIэ гъэнэхуа гъунапкъэхэм епхауэ щытщ.

**3.** Дауи иррехъу, мы цIыху хуэфащэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ зыхуэбгъэщхьэпэ, зепхьэ хъунукъым Дунейпсо Къэрал Зэгухьам и гурылъ-гурыщIэхэмрэ и бзыпхъэхэмрэ (принципхэмрэ) къемызэгъыу.

**30-нэ пычыгъуэ**

Мы джэпсалъэм къыхиубыдэ дэтхэнэ зы хабзэ гъэувар зыгурыбгъаIуэ хъунукъым мыбы къыщиIуэтыкIа хабзэ гъэувахэм щыщ гуэр иIэтыну, иукъуэну дэтхэнэ зы къэрали, гупи, нэрыбги хуитыныгъэ ирит хуэдэу.